

Vakans pou Jou Aksyon Gras, Seremoni Gradyasyon, ak Semès Ivè a

15 Oktòb 2020

Chè kominote Inivèsite Maryland,

M ap ekri ou jodi a pou pataje kèk nouvèl konsènan orè akademik pou semès otòn lan ak semès ivè a. Men, anvan mwen fè sa, mwen vle remèsye pwofesè nou yo, anplwaye nou yo ak elèv nou yo pou kokennchenn travay nou te fè pou semès sa a te ka posib. Grasa jefò anpil moun, n ap bay yon eksperyans akademik, aktivite pou konplete travay akademik, ak rechèch bon kalite nan yon anviwònman ibrid. Nan non tout administrasyon Inivèsite Maryland nan, mwen vle rekonèt bon travay ak reyalizasyon nou chak.

Vakans pou Jou Aksyon Gras

Orè akademik pou semès otòn nan ap kontinye jan sa te pwograme a, ki gen ladan vakans pou jou Aksyon Gras (Thanksgiving) ant 25 ak 29 novanm. Nou rekonèt kèk etidyan ap vle vwayaje lakay yo pou Jou Aksyon Gras. Se poutèt sa, mwen vle tabli kèk opsyon pou elèv yo konsènan plan pou vakans la ak rès semèn otòn nan:

- Etidyan ki deside kite College Park pou vakans pou Jou Aksyon Gras yo ka rete nan yon rezidans pèmanan andeyò kanpis la pou rès semès otòn lan, depi yo ka fini tout klas yo sou entènèt.
- Etidyan yo ka chwazi pa vwayaje pou vakans pou Jou Aksyon Gras la epi rete nan rezidans kanpis yo oswa lojman yo ki andeyò kanpis la pandan vakans la. Si yo chwazi opsyon sa a, etidyan yo ka kontinye ak aktivite kanpis nòmral yo ak klas yo fas a fas nan fen semès otòn nan.
- Altènativman, etidyan yo ka kite College Park pou vakans Jou Aksyon Gras la epi retounen pou rès twa (3) semèn semès otòn nan. Sepandan, tout etidyan ki chwazi opsyon sa a, si yo ap viv nan rezidans kanpis la oswa akomodasyon andeyò kanpis la nan zòn Gran College Park yo pral oblije, lè yo retounen:
 - Fè tès pou COVID-19 pandan semèn 30 novanm lan — swa pandan yon evènman tès sou kanpis la oswa nan yon etablisman andeyò kanpis a — epi rapòte nenpòt rezilta pozitif bay Liy HEAL la; epi,
 - Izole yo otank posib lè yo retounen, limite aktivite ak entèraksyon ak lòt moun epi pa ale nan klas an pèsòn pou 14 jou (jiska 12 Desanm).

Nou gen pou nou pataje enfòmasyon sou enskripsyon pou semèn tès 30 novanm lan, ak plis konsèy etidyan yo nan detwa semèn k ap vini yo. Ou pral voye enfòmasyon espesifik pou etidyan rezidansyèl yo talè konsa. Kèlkeswa opsyon etidyan yo chwazi, nou swete tout moun toujou konfòme yo ak konpòtman ki pwoteje sante tout moun. Nou ankouraje w limite kontak ak lòt moun otank posib epi kenbe angajman an nan pratike 4 konpòtman sen Maryland nou yo padan ou sou kanpis la ak deyò.

Match Foutbòl Ameriken 2020

Jan Maryland Athletics te anonse semèn sa a, match foutbòl ameriken yo ap fèt vandredi swa, 30 oktòb. Paske pa gen okenn fanatik ak machin ki kole, enpak sou kanpis la ap tou piti. Yon

gwoup ak manm patou nan kanpis la te devlope yon seri aktivite pou Semèn Match Foutbòl Ameriken an. Ou ka wè orè konplè nan homecoming.umd.edu

Seremoni Gradyasyon Ivè

Akòz sitiyasyon kounye a ak lòd egzekitif konte a ki entèdi gran rasanbleman, seremoni gradyasyon ivè ane sa a dimanch 20 desanm ap yon evènman vityèl. Gen plan pou fè yon selebrasyon an tout kanpis la ak seremoni pou fasilite endividyèl yo, epi n ap pataje detay yo talè konsa nan commencement.umd.edu.

Semès Ivè

Yon gran pati nan katalòg klas ivè nou yo ap jeneralman sou entènèt, epi semès ivè k ap vini an (4 a 22 janvye 2021) ap fèt sou entènèt la nèt. Nou pa pral loje elèv yo nan rezidans nou an pandan semès ivè a amwenske gen yon sikonstans grav.

Semès Prentan

Katalòg klas pou semès prentan 2021 an te afiche depi kèk semèn. Malgre detay pou orè akademik konplè a poko fini, semès prentan an ap fèt nan yon anviwònman ibrid, avèk jiska 25 pousan enstriksyon ki fèt fas a fas. N ap mete ou okouran nenpòt lòt chanjman nan orè a kou nou pran desizyon yo, ki konsidere konsèy ak rekòmandasyon sante piblik.

Yon lòt fwa ankò, mwen di ou mèsi tout pou travay ou, detèminasyon ou ak pasyans ou padan n ap nou ane akademik sa a ansanm.

Ak tout senserite,

Mary Ann Rankin

Vis Prezidan ak Dwayen